



EXECUTIVE OFFICE OF

## HOUSING & LIVABLE COMMUNITIES

GOVERNOR  
MAURA T. HEALEY

SECRETARY  
EDWARD M. AUGUSTUS, JR.

LT. GOVERNOR  
KIMBERLEY DRISCOLL

### POU PIBLIKASYON IMEDYAT:

1<sup>ye</sup> Oktòb 2024

### KONTAK:

Kevin Connor, EOHLIC, (617) 874-0126, [kevin.connor@mass.gov](mailto:kevin.connor@mass.gov)

Meg Fouhy, Elevate Communications, (617) 275-6974, [mfouhy@elevatecom.com](mailto:mfouhy@elevatecom.com)

## Enskripsyon yo Ouvri Kounya pou Pwogram Asistans Enèji Domestik Massachusetts

*Moun ki kalifye nan Massachusetts yo kapab kounya aplike pou asistans finansye pou sezon chofaj 2024-2025 lan.*

**BOSTON** – [Biwo Egzekitif Lojman ak Kominote Abitab](#) (EOHLC) nan Massachusetts te anonse jodi a ke peryòd enskripsyon [Pwogram Asistans Enèji Domestik](#) (HEAP) pou sezon chofaj ivè 2024-2025 lan ap ouvri 1<sup>ye</sup> Oktòb. Pwogram enpòtan sa bay fanmi ki kalifye yo èd finansye pou ede yo peye fakti chofaj ivè yo, pou asire yo kenbe kay yo an sekirite epi cho pandan mwa ki pi frèt yo.

HEAP se yon resous gratis nan tout eta'a ki ede lokatè ak pwopriyetè kay ki kalifye nan peye yon pati nan fakti chofaj ivè yo dirèkteman bay konpayi chofaj yo. A pati 1<sup>ye</sup> Oktòb, pwopriyetè kay ak lokatè yo ka [aplike sou entènèt](#) oswa atravè [ajans administrativ lokal](#) atravè eta'a. Peryòd asistans lan ap sòti 1<sup>ye</sup> Novanm 2024 rive 30 Avril 2025. HEAP ofri sibvansyon ke yo pa bezwen ranbouse; sepandan, fanmi yo dwe ranpli kondisyon espesifik pou yo kalifye.

“Pyès rezidan pa ta dwe nan grate tèt pou chofe kay yo pandan ivè a,” se sa **Sekretè pou Lojman ak Kominote Abitab, Ed Augustus** te deklare. “Gwo depans yo kontinye peze sou finans kay la, Pwogram Asistans Enèji Domestik la pi enpòtan pase tout tan. Nou ankouraje nenpòt moun ki bezwen asistans chofaj pou verifye kalifikasyon yo nan aplike sou entènèt oswa vizite ajans administrativ ki pi pre a. Pa ezite pataje enfòmasyon itil sa yo avèk moun ou renmen yo oswa vwazen ki ta ka benefisye de èd sa pandan mwa ki pi frèt yo.”

Gen plizyè faktè ki detèmine kalifikasyon an, tankou kantite moun ki nan kay la ak revni anyèl brit rezidan ki gen 18 ane oswa plis. Fanmi ki kalifye yo, tankou moun ki gen pri chofaj ki nan lwaye a, ka resevwa asistans pou tout sous chofaj, tankou petwòl, elektrisite, gaz natirèl, pwopan, kewozèn, bwa ak chabon. Fanmi yo pa bezwen jwenn asistans piblik oswa gen fakti chofaj ki pa peye pou yo kalifye.

Pou jwenn plis enfòmasyon, [jwenn ajans HEAP lokal ou a](#) oswa [aplike pou HEAP isi a](#).

###